Commonwealth of Massachusetts
Executive Office of Energy & Environmental Affairs

Department of Environmental Protection
One Winter Street Boston, MA 02108 • 617-292-5500

Charles D. Baker
Gouvènè

Karyn E. Polito
Gouvènè Adjwen

Kathleen A. Theoharides
Sekretè
Martin Suuberg
Komisè

# AVI POU SEYANS PIBLIK

**Avi pou Seyans Piblik sa a disponib nan lòt lang (Español -- Tiếng Việt -- 中文 -- Kreyòl Ayisyen - - Português ) sou sit entènet MassDEP la nan:**
www.mass.gov/eea/agencies/massdep/news/comment/

Pa prezant la nou bay avi ke Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Massachusetts la (*Massachusetts Department of Environmental Protection*) (MassDEP), anba otorite li dapre M.G.L. Chapit 111, Seksyon 142A jiska 142M, pral fè seyans piblik dapre sou-seksyon (7) nan 310 CMR 7.36, regilasyon pou Amelyorasyon Sistèm Transpò a.

Seyans piblik yo pral fèt pou nou resevwa kòmantè piblik, toulede aloral kou alekri, sou rapò mizajou ak estati anyèl la pou pwojè transpò ki egzije nan 310 CMR 7.36 (2) (f) jiska (j). Depatman Transpò Massachusetts la (*Massachusetts Department of Transportation*) (MassDOT) te soumèt rapò mizajou ak estati a bay MassDEP nan jou 30 jen 2020. Rapò a disponib sou: https://www.mass.gov/doc/state-implementation-plan-transit-commitments-2020-status-report/download

Seyans piblik yo pral fèt:

Nan jou: Jedi 1e oktòb 2020 a 2:00 PM jiskaske tout moun ki prezan yo te ofri kòmantè pa yo epi de 5:00 a 6:00 PM. Nou pral elaji seyans piblik 5:00 PM nan apre 6:00 PM selon bezwen pou nou pèmèt tout pati ki enterese yo prezante temwayaj.

Nan: Sesyon Youn - **2:00 PM** – Tanpri rejwenn seyans la nan konpyitè ou, tablèt oswa smartphone ou. https://global.gotomeeting.com/join/472886869

Epi tou ou kapab rele nan telefòn.
Etazini: +1 (872) 240-3311 Kòd Aksè: 472-886-869

Sesyon Two - **5:00 PM** - Tanpri rejwenn seyans la nan konpyitè ou, tablèt oswa smartphone ou. https://global.gotomeeting.com/join/317217821

Epi tou ou kapab rele nan telefòn.
Etazini: +1 (571) 317-3122 Kòd Aksè: 317-217-821

MassDEP founi aksè lengwistik pa sèvis entèprèt/tradiksyon pou moun ki gen metriz limite nan lang anglè yo  gratis. Si w bezwen yon entèprèt pou w patisipe nan reyinyon sa a, ou ka jwenn sèvis tradiksyon nan lyen swivi a:  https://www.mass.gov/info-details/massdep-language-translation-assistance

Moun gen dwa prezante temwayaj aloral ak/oswa alekri nan seyans piblik yo.  Nou pral aksepte temwayaj alekri jiska 5:00 PM vandredi 16 oktòb 2020.  Moun gen dwa prezante temwayaj aloral bay:  Scott Hamwey nan MassDOT, Office of Transportation Planning, Room 4150, Ten Park Plaza, Boston, MA  02116 oswa scott.hamwey@dot.state.ma.us avèk Haidee Janak nan MassDEP, Bureau of Air and Waste, One Winter Street, Boston, MA  02108 oswa haidee.janak@mass.gov.